

## Sijè: Konsèy Jistis Anviwònman an – Reyinyon an Pèsòn ak Yon Opsyon Vityèl – 12 Jwen 2025

Chè Tout Moun Ki Gen Enterè Yo nan Jistis Anviwonnan an,

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an (EEA) ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònman an (EJC) pou pwochen reyinyon li a nan dat **12 Jwen 2025 a 6:30 pm (EST)**. Manm Konsèy yo pral diskite sou Analiz Enpak Kimilatif ak Plan Benefis Kominotè yo. Ap gen yon pati nan reyinyon an ka p pou kòmantè jeneral publik la.

**Tanpri, itilize lyen sa a pou w anrejistre pou reyinyon an:**

[https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN\\_T-Cv1UHqSqKMkyBRthm6zg#/registration](https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_T-Cv1UHqSqKMkyBRthm6zg#/registration)

**Lojistik yo.** Reyinyon ibrid sa a pral òganize tou de (2) fason sa yo, l'ap fèt vityèlman sou Zoom ak an pèsòn nan local Berkshire Innovation Center nan ki Pittsfield la. Yo estime reyinyon an ap dire 90 minit. Adrès la se 45 Woodlawn Ave, Pittsfield, MA 01201 epi bilding lan aksesib lè w pran liy otobis 1, 4, 5A, 5B, 11, 12, 14, 15, ak 921. Estasyon otobis ki pi pre a se nan East St ak Newell St. Gen pakin ki disponib nan pakin Berkshire Innovation Center a.

**Sipò Entèpretasyon.** Ap gen sèvis entèpretasyon disponib an pèsòn an Espanyòl. Ap gen sèvis entèpretasyon Vityèl disponib nan lang sa yo, Espanyòl, Pòtigè, Mandarin, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen, ak Lang siy Ameriken (ASL). Si w bezwen entèpretasyon nan yon lang espesifik, oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri mete demann sa a nan yon imèl bay to [meetings@erg.com](mailto:meetings@erg.com) Demann yo dwe soumèt 48 èdtan anvan lè reyinyon an kòmanse.

Pou w ka jwenn enfòmasyon sa yo an gwo karaktè an Anglè oswa an bray, rele 1-877-623-6765. TTY: 1877-623-7773.

**Règleman Reyinyon Biblik la.** Konsèy EJ a fonksyone daprè Règleman Reyinyon Biblik la [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] epi li akeyi manm biblik la ki vle obsève reyinyon fòmèl li yo. Pandan reyinyon an, yon obsèvatè ka adrese yon kòmantè oswa yon kesyon bay Konsèy EJ a avèk pèmisyon Prezidan an.

**Plis Enfòmasyon Konsènan EJC:** Gouvènè a nonmen EJC pou bay Sekretè EEA a konsèy ak rekòmandasyon sou règleman ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Prensip sa yo defini nan lwa eta a kòm "prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon nan anviwònman an ak kapasite pou viv epi jwi yon anviwònman ki pwòp epi ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas, dezabilite/andikap, idantite seksèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans reliye oswa konpetans yon moun nan lang Anglè a, sa ki enkli: (i) aplikasyon pou tout moun, aplikasyon pou anviwònman an ak respè developman lalwa. règleman ak politik, sa ki enkli règleman chanjman nan klima ak (ii) distribisyon ekitab enèji ak benefis anviwònman ak chay anviwònman an; Lwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a: [<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn enfòmasyon anplis konsènan EJC, ajanda sou pwochen reyinyon yo, ak anrejistrasyon ansyen reyinyon yo nan lyen sa: <https://www.mass.gov/orgs/environmental->

[justice-council](#). Tanpri, klike “Select Language” ( Seleksyone Langaj) ki nan tèt paj la nan bò dwat la pou w tradui paj la.

Mèsi,

María Belén Power  
Sous-sekretè Jistis Anviwònman ak Ekite  
Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman